



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 16 janvyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RIVERBANKS STATE PARK ÒGANIZE PWOGRAM NFL *SUPER KIDS-SUPER SHARING* NAN BENEFIS TIMOUN NAN NEW YORK**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Riverbank State Park te òganize pwogram NFL *Super Kids-Super Sharing* lan kote elèv te fè kado plizyè milye liv, ekipman spò ak founiti lekòl bay timoun defavorize nan zòn New York.

“Eta New York santi li onore pou l asosye ak NFL pou òganize aktivite kòlèk sa nan Riverbank State Park epi ede livre liv lekòl ak atik spò pou plizyè elèv ki bezwen yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen gen yon santiman fyète espesyal pou plizyè santèn elèv New York ki te fè kado pwòp zafè pa yo bay lòt timoun epi ki toujou ap trase egzanp sou jan nou tout ka retire fòskote nan kominote nou yo. Lespri volontarya ak jenewozite ki demontre jodi a senbolize lespri charite Nouyòkè yo. «

Lekòl piblik ak prive nan New York ak New Jersey met ansanm ak Lig Foutbòl Nasyonal la, New York Giants, New York Jets, Komite Dakèy NY/NJ Super Bowl la, and Verizon pou yon pwojè Super Bowl ki rele *Super Kids-Super Sharing*. Nan aktivite sa gen lekòl zòn Vil New York ak Konte Westchester.

Delege Rose Harvey, NYS Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, te di konsa, “New York State Parks fyè pou l se yon asosye nan pwogram NFL’s *Super Kids-Super Sharing* la – yon vre demonstrasyon lespri kominotè, travay ekip ak jenewozite pami timoun lekòl gran zòn New York la. Don yo ki ranmase epi distribiye nan Riverbank State Park pral pote yon bagay anplis nan lavi yon pil ak yon pakèt timoun nan kominote nou an. Gouvènè Cuomo, State Parks, NFL ak Komite Dakèy Super Bowl la gen yon misyon komen ki se ogmante aktivite lwazi pou tout timoun epi pataj resous sa yo pral gen yon enpak pozitif sou objektif sa.”

“*Super Kids - Super Sharing* se yon pati nan sansibilizasyon kominotè NFL la nan Super Bowl pandan 14 lane,” dapre Jack Groh, Direktè Pwogram Anviwonman NFL la. “Sa ede timoun ki bezwen liv, ekipman spò ak founiti pandan tou sa aprann timoun yon leson enpòtan anpil sou byenfè pratik ki genyen nan yon jesyon resous efikas.

Pwojè kominote debaz sa te kòmanse nan kay ki nan zòn lan nan kòmansman mwa sa lè elèv ak fanmi te ranmase liv yon ti jan izaje (oubyen nèf), founiti lekòl ak ekipman spò pou bay kòm don. Atik sa yo ranmase nan lekòl piblik ak prive patisipan nan kòmansman mwa janvyè a.

Haitian Creole

Nan dat 16 janvyè 2014 la, kowòdinatè ak plizyè elèv ki soti nan chak lekòl patisipan New York pral pote atik ki bay kòm don yo nan Riverbank State Park, 679 Riverside Drive, Harlem. Atik ki bay nan chak evenman pral klase epi ale nan lekòl ak òganizasyon yo chwazi nan zòn lan kap desèvi timoun ki nan nesosite.

NFL devlope pwojè *Super Kids – Super Sharing* nan nan chak vil Super Bowl pandan 14 lane. Yon nouvo karakteristik ane sa se adisyon pwogram *HopeLine* Verizon lan. Atravè *HopeLine*, Verizon Wireless ede gason, fanm ak timoun ki viktim vyolans nan kay grasa kòlèk telefòn san fil ki pap sèvi ankò epi transfòmè yo pou sipòte òganizasyon kap goumen kont vyolans nan kay nan tout peyi a. Verizon Wireless pral tou fè yon gwo don nan yon òganizasyon lokal kap goumen kont vyolans nan kay nan chak pwogram Super Kids.

Depi kreyasyon li nan lane 2000 nan Super Bowl XXXIV nan Atlanta, pwojè *Super Kids-Super Sharing* lan plase plizyè santèn milye liv ak atik ekipman spò nan men timoun nan kominote kap resevwa Super Bowl yo. Super Bowl XLVIII pral fèt nan dat 2 fevriye nan Met Life Stadium.

*Super Kids-Super Sharing* fè pati Pwogram Anviwonman Lig Foutbòl Nasyonal la. Li aprann timoun “resikle” atik yo pa bezwen ankò epi pase yo bay lòt ki ka bezwen yo. Pwogram la ankouraje tou NFL PLAY 60, kanpay pou sante ak byennèt jèn yo lig la, atravè pataj ekipman spò pami timoun nan kominote a.

Super Kids-Super Sharing se youn nan inisyativ anviwonmantal NFL la pou Super Kids-Super Sharing . Pwogram lan jwe yon wòl aktif dèyè sèn lan nan Super Bowl la. Anplis Super Kids-Super Sharing lan, Pwogram Anviwonman NFL la asire plizyè dizèn milye tòn manje ki prepare men ki pa sèvi nan pwogram Super Bowl yo ap distribye nanabri lokal ak kwizin kominotè. Pwogram anviwonman an responsab tou pou resiklaj katon ak lòt materyèl nan pwogram Super Bowl yo epi fè don tout bagay depi nan bandwòl dekoratif jiska materyo konstriksyon nan ajans ki pap fè lajan yo. Plis pase 27.000 pye bwa plante atravè New York ak New Jersey pou ede kominote a vin “vèt” ak pou repare kèk nan dega Hurricane Sandy te lakòz yo. MetLife Stadium, sit Super Bowl XLVIII lan, ak tout lòt gwo evenman NFL Super Bowl yo, pral limen ak “enèji vèt” pou diminye enpak aktivite Super Bowl yo sou klima a.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York sipèviz 179 pak ak 35 sit istorik eta a ki resevwa vizit 60 milyon moun chak ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa ale sou Entènèt nan sitwèb [www.nysparks.com](http://www.nysparks.com), konekte nan Facebook, oswa swiv nou nan Twitter.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418